



**SANT LISANS DEPATMAN
PWOTEKSYON KONSOMATÈ AK
TRAVAYÈ VIL NEW YORK
(DEPARTMENT OF CONSUMER AND
WORKER PROTECTION, DCWP)**
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

**Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:**

Lendi, mèkredi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SANT SIPÒ TI BIZNIS NAN NYC
90-27 Sutphin Blvd, 4th Floor
Jamaica, NY 11435

**Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:**

Madi, jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

ALÈT COVID-19

Pou kèk rezon tankou lasante oswa sekirite, Sant Lisans DCWP an ansanm ak Sant Sipò pou Ti Biznis nan Vil New York pa ka bay sèvis pou kliyan san randevou yo, men ou kapab planifye yon randevou pou remèt aplikasyon lisans ou an pèsòn. Gade nan seksyon **Pwosesis pou Depoze Aplikasyon** an.

DCWP aksepte Vandè Pwodwi Tabak an Detay ak Vandè Sigarèt Elektwonik yo aktyèlman tou pa imèl nan onlineappsdocs@dca.nyc.gov.

Lis Verifikasyon Aplikasyon Lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay

PINGA OU SOUMÈT APLIKASYON SA A SI BIZNIS OU AN SE OSWA GENYEN YON FAMASI LADAN LI.

Lalwa nan Vil New York entèdi famasi ak biznis yo ki gen famasi ladan yo genyen lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay.

*****ENPÒTAN: Limit Distri Kominotè yo*****

Limit distri kominotè pou lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay yo te antre anviè 24 fevriye 2018. Pou jwenn yon lis limit kominotè ki gen aktyèlman yo, vizite NYC Open Data sou opendata.cityofnewyork.us epi chèche "vandè pwodwi tabak an detay."

Ou kapab soumèt aplikasyon sa a sèlman si:

- Si lisans yo disponib nan disri kominotè ou an.
- Yo vann yon biznis ki gen yon lisans Vandè Pwodwi Tabakan an Detay, yon moun gen 10% oswa plis aksyon nan konpayi a, oswa gen yon chanjman nan patenarya a. Ou menm (nouvo biznis la) kapab aplike pou yon nouvo lisans nan menm biwo a depi gen yon lisans ki aktif epi "an règ" nan adrès la epi ou aplike pou ou gen yon nouvo lisans nan 30 jou vant lan oswa chanjman an fin fèt. *
- Biznis ou an nan kèk ayewopò oswa pak ki pa nan limit distri kominotè yo.*

*Si w reponn ak youn nan limit sa yo, ou dwe soumèt Sètifika Limit Vandè Pwodwi Tabak an Detay an ansanm ak dokiman jistifikatif. Ale nan seksyon Egzijans yo pou ou jwenn plis detay.

Konsilte nyc.gov/dcwp pou jwenn mizajou sou limit distri kominotè yo.

Kiyès ki Dwe Genyen yon Lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay?

Ou dwe genyen yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay pou vann sigarèt ak pwodwi ji gen tabak yo, tankou siga, tabak pou mete nan tou dan, pip tabak, tabak pou woule, snus, bidi, snuff, shisha, oswa pwodwi ki gen tabak ki kapab fon bay konsomatè yo.

Deskripsyon sa a se yon eksplikasyon jeneral sou kilès ki dwe genyen yon Lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay.

Lis Rapid sou Kondisyon ki Obligatwa yo pou Aplike pou yon Lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay

Ale nan seksyon Kondisyon (Egzijans) yo pou ou jwenn eksplikasyon ak plis detay. Fè si ou respekte tout kondisyon (egzijans) yo; sinon, aplikasyon w lan p ap konplè. DCWP ka aksepte sèlman aplikasyon ki konplè yo sèlman pou li ka bay lisans.

- Aplikasyon Debaz pou Lisans
- Nimewo Idantifikasyon Pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon
- Depatman Taks ak Finans Eta New York lan Enskripsyon Vandè Pwodwi Tabak an Detay ak Distribitè Otomatik pou Vann Sigarèt ak Pwodwi Tabak yo
- Prèv Adrès Biznis
- Prèv Adrès Lakay ou
- Sètifika Limit Vandè Pwodwi Tabak an Detay ak Dokiman Jistifikatif (si li aplikab)
- Otorite pou Aji - Atestasyon (si li aplikab)
- Frè pou Lisans

Lè w ap soumèt aplikasyon w lan sa pa vle di lisans ou an apwouve otomatik.

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a.

Ou dwe gen yon lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay pou ou ka vann sigarèt elektwonik nan Vil New York. Yo soumèt Lisans Vandè Sigarèt Elektwonik yo anba limit distri kominotè yo.

Se pa vle di se yon lis konplè sa ye. Gade nan Seksyon Resous Adisyonèl yo.

Pwosesis pou Depoze Aplikasyon



Planifye yon randevou pou ranpli li fas a fas nan Sant Lisans DCWP an oswa nan Sant Sipò pou Ti Biznis nan NYC (adrès yo nan paj 1 an).

Atravè imèl: LicensingAppointments@dca.nyc.gov

Atravè Telefòn*: Rele nan (212) 436-0441. (Lendi - Vandredi, 8 a.m. – 4 p.m.)

*Nimewo sa a se pou pran yon randevou pou sèvis fas a fas sèlman. Pou tout kalite kesyon ekri nan imèl sa onlineappsdocs@dca.nyc.gov.

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap tanpri ekri yon imèl bay Kowòdinatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo pou DCWP (ADA oswa Americans with Disabilities Act) la nan **humancapital@dca.nyc.gov** oswa vizite **nyc.gov/dcwp** epi chèche "akomodasyon."

Tanpri sonje:

Akoz delè ki estrik ki gen pou ou soumèt yon aplikasyon pou jwenn yon otorizasyon nan limit lan, **DCWP pral aksepte aplikasyon yo voye pa imèl yo pandan yon ti tan nan onlineappsdocs@dca.nyc.gov.**

Sonje: Si w mande yon lisans paske se yon lavant oswa chajman pwopriyete, DCWP dwe resevwa aplikasyon w lan nan lespas 30 jou aprè lavant lan oswa chajman an.

Mesaj Enpòtan sou Sètifika Biznis

Ou dwe gen yon Sètifika Biznis ki aplikab ki baze sou estrikti legal biznis ou an. Menm si DCWP pa egzije w soumèt yon Sètifika Biznis nan objektif pou kontinye pwosesis aplikasyon w lan, DCWP ka mande w dokiman sila a dapre Seksyon 20-104 nan Règleman Administratif Vil New York la.

Pwopriyete endepandan ki ap fonksyone ak yon non ki diferan ak pa w la dwe gen yon Sètifika Biznis/Non Komèsyal.

Patenarya yo dwe gen yon Sètifika Patenarya epi, si sa aplikab, yon Sètifika Non Komèsyal pou biznis ou an.

Sosyete yo, Sosyete Non Kolektif yo, Konpayi Ak Responsabilite Limite yo, Patenarya Ak Responsabilite Limite yo dwe anrejistre epi rete aktif nan Depatman Antrepriz Eta New York (New York State Division of Corporations). Ou kapab tcheke estati w nan www.dos.ny.gov/corps.

Kondisyon (Egzijans)

DCWP p ap aksepte aplikasyon w lan si ou pa remèt dokiman ak enfòmasyon yo mande yo:

- **Aplikasyon Debaz pou Lisans** (attachman).
- **Nimewo Idantifikasyon Pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon.**
Pou ou ka aplike pou yon Sètifika Otorizasyon nan objektif pou jwenn Taks sou Lavant yo, ale sou www.businessexpress.ny.gov.
- **Depatman Taks ak Finans Eta New York lan Enskripsyon Vandè Pwodwi Tabak an Detay yo ak Distribitè Otomatik pou Vann Sigarèt ak Pwodwi Tabak yo.**
Pou aplike pou ka Enskri antanke Vandè Pwodwi Tabak an Detay yo ak Distribitè Otomatik pou Vann Sigarèt ak Pwodwi Tabak yo, vizite www.licensecenter.ny.gov oswa rele nan (518) 457-5735.

- **Prè v Adrès Biznis.**

Remèt yon kopi YOUN nan dokiman ki pi ba yo nan non biznis la oswa yon moun non li nan aplikasyon pou lisans lan:

- Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
- Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
- Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
- Lisans oswa pèmi ki valid oswa yon sètifika yon ajans gouvènman nan vil/eta/federal ki montre adrès biznis ou an

- **Prè v Adrès Lakay ou.**

Chak moun non yo parèt nan aplikasyon pou lisans lan dwe bay yon kopi YOUN nan dokiman ki pi ba yo ak non chak moun:

- Bòdwo, ki te fèt nan dènye 90 jou ki sot pase yo (egzanp telefòn, gaz, kouran, kab entènèt, oswa dlo) OSWA
- Korespondans ki soti nan men nenpòt ajans gouvènman OSWA
- Lokasyon oswa ak pwopriyete OSWA
- Papyè lwaye oswa ipotèk ajou OSWA
- Lisans chofè OSWA
- Kat Idantite Minisipal

Pou yon moun ki ap viv lakay yon lòt moun, l ap bay:

- YON Prè v Adrès Kay (gade pi wo a) ak non moun ki fè lwaye an oswa non mèt kay la AK
- Yon lèt mèt kay la oswa lokatè an siyen ki di moun sa rete lakay li nan adrès sila a

- **Sètifika Limit Vandè Pwodwi Tabak an Detay (atachman) ak Dokiman Jistifikatif, si sa aplikab.**

Ou dwe soumèt deklarasyon sa a si w reponn ak yon limit, ki gen yon chanjman pwopriyete oswa patenarya. Fòm lan enimerè dokiman jistifikatif yo mande pou gwo limit yo.

Ou kapab voyet dokiman jistifikatif yo pa imèl bay: onlineappsdocs@dca.nyc.gov.

Remak: Si gen yon peryòd pou depoze aplikasyon ki louvri pou distri kominote ou an paske kantite lisans yo pi ba pase limit lan, ou pa gen bezwen soumèt egzijans sa a.

- **Otorite pou Aji - Atestasyon, si sa aplikab (atachman).**

Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a.

Remak: Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.

- **Frè pou Lisans.**

Peryòd Lisans: 2 Lane	Dat Ekspirasyon: 31 desanm	Frè pou Lisans: \$200 ou 2 lane konplè	
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:		W ap Peye:	Lisans Ou an ap ekspire:
Apati 1ye janvye jiska 30 jen nan yon ane enpè		\$200	31 desanm nan Ane Pè yo
Apati 1ye jiyè jiska 31 desanm nan yon ane enpè		\$150	31 desanm nan Ane Pè yo
Apati 1ye janvye jiska 30 jen nan yon ane pè		\$200	31 desanm nan Ane Enpè yo
Apati 1ye jiyè jiska 31 desanm nan yon ane pè		\$150	31 desanm nan Ane Enpè yo

Peye avèk:

- Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP. *(An pèsòn)*
- Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman). Ou dwe peye yon Frè Dosye yo p ap Ranbouse ou. *(An pèsòn oswa anliy)*

Resous Anplis pou Vandè Pwodwi Tabak an Detay yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab aji sou biznis ou an, vizite **nyc.gov/BusinessToolbox**.
- Pou **Lis Verifikasyon Enspeksyon: Vandè Pwodwi Tabak an Detay**, vizite **nyc.gov/BusinessToolbox**.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone, ak grandi, vizite **nyc.gov/business**.